# ЙИЪ БАКЪО

[нохчийн маттахь]

# القواعد الأربع

[باللغة الشيشانية]


تأليف: محمد بن سليمان التميمي

**Яздинарг:** Мухьаммад ибн Сулайман ат-Тамими

ترجمة: فاروق بن تربال

**Гочдинарг:** Турпалан кІант Фарукъ



IsIamannur.org

**Къинхетамечу а, Къинхетамбечу а АллахIан цIарца!**

Комаьршачу АллахIе доьху ас, сийлахь-йоккхачу Iаьршан Дела волчу, хьан доладар дуьненахь а, иштта эхартахь а.

Миччахьа велахь а, хьо беркате вар а, шайна делча - шукардечарех вар а, тIе бала-зер деъча - собарехиллачарех вар а, къа латийча - гечдардоьхучарех вар а доьху ас. ХIунда аьлча, боккъалла а, и кхо куц – ирсан хьоста ду.

Хаалахь (хIай, АллахIа Шена муьтIахь хиларан новкъа нисварг) ИбрахIиман дин - Дела цхьаъвар, ахь цхьана АллахIана Iибадатдар дуйла, цIенна Цуьнан дуьхьа лелорца, хьайн дин а цIандеш. Сийлахь-Везачу АллахIа ма-аллара:

**«Ас жинаш а, адамаш а кхоьллина дац, цаьрга Сайна Iибидатдайтаран дуьхьа бен»** («аз-Зарийат», 51:56).

Хьуна хиъна даьлча, АллахIа хьо Шена Iибидатдайта кхоьллина хилар, - хаалахь, Iибадатах Iибадат олуш цахилар, Дела цхьаъвеш и дина хилча а бен, ламаз карахь а доцуш динчу ламазах ламаз олуш ма ца хиллара. Нагахь Iибадатна юкъа ширк (АллахIаца накъостий нисбар) дагIахь, - духуш ду иза, ламаз карара долу бахьана даьлча, ламаз карахь хуьлуш ма ца хиллара.

Хьуна хиъна даьлча, ширко Iибадат дохош хилар, нагахь и цуьнах дIаэлахь, Iамалш йохош хилар а, и динарг даиманна а жоьжагIатехь хирболучарех хилар а - тIаккха хьуна билгалдолу, хьайна тIехь долу уггаре а доккха декхар ширк довзар хилар. АллахIа оцу (лоцуш йолчу) бойнах ларван герга ду хьо, шен цIе «АллахIаца ширкдар» аьлла йолчу, Сийлахь-Везачу АллахIа шен хьокъехь аьлла йолчу:

**«Боккъалла а, АллахIа геч ца до Шеца накъостий нисбарна** [ширкдарна]**. Дисинчу дерриге а** [я цул а лахарчу] **къиношна гечдо Цо, Шена лиъначунна»** («ан-Нисаъ», 4:116).

Цундела, ширках ларвалархьама йиъ бакъо йовза еза хьуна, Сийлахь-Везачу АллахIа Шен Жайнахь (Къуръан чохь) хьахийна йолу:

# ХЬАЛХАРА БАКЪО

Хьуна хаа деза, АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) шайна дуьхьал тIемаш дина болу керстанаш - массо а хIума кхуллуш верг, дуьненна тIехь массо а хIуманна Iуналла деш верг (рицкъа луш верг, денбеш верг, Iожалла луш верг) Сийлахь-Веза АллахI хиларна къера хилла хилар а, цара и тIелоцуш хилла хилар а. Амма и дерриге доллушехь а, Ислам-динна чу ца балийна Цо уьш. Цуьнан тоьшалла Сийлахь-Везачо аьлларг ду:

**«Ала** [хIай, Мухьаммад]**: «Мила ву шуна стигалара а, лаьттара а рицкъа луш верг? Мила ву хазар а, гар а шен карахь дерг? Мила ву еллачух дийнаниг йолуьйтуш верг а, дийначух елларг йолуьйтуш верг а? Мила ву** [дерриге а] **гIуллакхаш лелош верг а? Цара эр ду: «АллахI ву!». Ала** [хIай, Мухьаммад]**: «Делах ца кхоьру, ткъа, шу?»** («Юнус», 10:31).

# ШОЛГIА БАКЪО

Цара (мушрикаша) олу: «Оха цаьрга я кхойкхуш а дац, я доIа деш а дац - цаьрга тхаьш АллахIана гергакхачадайтархьама а бен, Цунна хьалха тхайна шапаIатдайтархьама а бен».

АллахIана гергакхачабайтаран Iалашонца цара доIанаш даран тоьшалла Сийлахь-Везачу АллахIа аьлларг ду:

**«Ткъа Цуьнан метта кхинаш доладийраш а, гIоьнчий а лаьцначара** [олу]**: «Оха царна Iибадат ца до, цаьрга тхаьш ницкъ ма-кхоччу АллахIана гергадигийтархьама а бен». АллахIа кхел йийр ю царна юкъахь, церан** [ойланаш] **екъаеллачунна тIехь. Боккъалла а, АллахIа нийсачу новкъа ца нисво харцлуьйриг, цатешарг»** («аз-Зумар», 39:3).

ШапаIатдайтаран Iалашонца цара (мушрикаша) кхайкхина хиларан тоьшалла Сийлахь-Везачо аьлларг ду:

**«АллахIана дан дезачу меттана Iибадатдо цара** [мушрикаша]**, шайна дан цхьа а зен а, шайна бан цхьа а пайда а боцучарна. Цара олу: «ХIорш тхан шапаIатхой бу АллахIана гергахь»** («Юнус», 10:18).

Ткъа шапаIат – шина тайпана ду: «хир дац» аьлла, дацаре дина шапаIат а ду, «хир ду» аьлла, билгалдаьккхина шапаIат а ду.

Хирдоцу шапаIат - АллахI воцучуьнгара доьхуш дерг ду, и дан цхьана АллахIан а бен ницкъ боцуш долу. Цуьнан тоьшалла Сийлахь-Везачо аьлларг ду:

**«ХIай, имандиллинарш! Харжъе** [я сагIа ло] **Оха шайна деллачу рицкъанах,** [къематан] **де тIекхачале, шена чохь хиндоцу я махлелор а, я доттагIалла а, я вовшашна гIодаккхар** [шапаIат, тIехIиттар] **а. Керстанаш – зуламхой бу»** («ал-Бакъара», 2:254).

«Хир ду» аьлла, билгалдаьккхина шапаIат - АллахIе доьхуш дег ду. Иштта и шапаIат ден верг - АллахIа шен сий а дина, шапаIатдан шена бакъо елларг хир ву. Ткъа шапаIат – АллахI шайн къамелашна а, Iамалшна а резахиллачарна дийр долуш ду. Оцу тIе АллахIа пурба деллачул тIаьхьа а бен дан йиш йолуш а хир дац и. Оцу хьокъехь Сийлахь-Везачо аьлла:

**«Мила ву, ткъа, Цунна хьалха гIодаккха** [шапаIатдан] **гIертан верг, Цуьнан пурба а доцуш?»** («ал-Бакъара», 2:255).

# КХОАЛГІА БАКЪО

Боккъалла а, пайхамар (АллахІера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) тайп-тайпанарчу деланашна Іибадатдеш хиллачу нахана юкъахь ваьлла ву. Царна юкъахь маликашна Іибадатдеш берш а хилла. Царна юкъахь пайхамаршна а, иштта дикачу нахана а Іибадатдеш берш а хилла. Царна юкъахь дитташна а, тІулгашна а Іибадатдеш берш а хилла. Царна юкъахь малхана а, баттана а Іибадатдеш берш а хилла. ХІетте а АллахІан элчано (АллахІера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) тІомбина цаьрца, уьш къеста а ца беш. Цуьнан тоьшалла Сийлахь-Везачо аьлларг ду:

«[ХІай, имандиллинарш!] **ТІомбе цаьрца** [мушрикашца] **- питана дІадаллалц а, дин** [Іибадат] **дерриге а цхьана АллахІан дуьхьа лелош хиллалц а»** («ал-Анфал», 8:39).

Малхана а, баттана а Іибадатдеш (мушрикаш хилла хиларан) тоьшалла Сийлахь-Везачо аьлларг ду:

**«Цуьнан** [АллахІан] **билгалонех ду - буьйса а, де а, малх а, бутт а. Сужуд ма делаш я малхана а, я баттана а, ткъа сужуд делаш АллахІана, и** [дерриге а] **кхоьллина волчу, нагахь шаьш Цунна Іибадатдеш делахь»** («Фуссилат», 41:37).

Маликашна Іибидатдеш (мушрикаш хилла хиларан) тоьшалла Сийлахь-Везачо аьлларг ду:

**«Иштта шуьга омрадан а яц цуьнан** [пайхамаран] **бакъо: маликаш а, пайхамарш а, шайн деланаш а бай, лаца** [аьлла]» («Али Іимран», 3:80).

Пайхамаршна Іибидатдеш (мушрикаш хилла хиларан) тоьшалла Сийлахь-Везачо аьлларг ду:

**«ХІан, АллахІа элира: «ХІай, Марьяман кІант Іиса! Нахе аьллий ахь: «АллахІаца нис а дай, сой** [хьой]**, сан** [хьан] **наний – ший а дела ву алий, тІелаца?». Цо** [Іиса-пайхамара] **элира: «ТІехцІена ву Хьо! Ас муха эр ду сайн бакъо йоцург? Ас иштталиг аьлла хиллехьара, Хьуна хууш хир ма дара и. Хьуна хууш ду сох дерг, ткъа суна ца хаьа Хьох дерг. Боккъалла а, къайлахдерг хуушверг ву хьо»** («ал-МаидахІ», 5:116).

Дикачу нахана Іибидатдеш (мушрикаш хилла хиларан) тоьшалла Сийлахь-Везачо аьлларг ду:

**«Цара** [мушрикаша] **шайга кхойкхуш берш шаьш а бу шайн Дална герга кхачош долу некъаш лоьхуш, кхечарел а хьалхе яккха а гІерташ. Цуьнан къинхетаме сатуьйсуш бу уьш. Цуьнан Іазапах кхоьруш а бу уьш»** («ал-Исраъ», 17:57).

Дитташна а, тІулгашна а Іибадатдеш (мушрикаш хилла хиларан) тоьшалла Сийлахь-Везачо аьлларг ду:

**«Ца гина шуна ал-Лат а, ал-Іузза а, кхин а и кхоалгІа - ал-Манат а?!»** («ан-Нажм», 53:19-20).

Абу Вакъид ал-Лайсис (АллахІ реза хуьлда цунна) дийцина хьадис а ду:

«Пайхамарца (АллахІера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) цхьаьна Хьунайне даха арадевллера тхо. Тхо бусалба дине даьхкина дукха хан а яцара. Ткъа мушрикнехан цхьа дитт дара цигахь, шена уллехь уьш гуллуш.

Цунна тIе шайн герзаш а ухкура цара. «Зат АнватI» олура цуьнах. Оцу диттана тхо тIех довлучу хенахь, оха элира: «ХIай, АллахIан элча, тхуна а дехьа «Зат Анват», цераниг санна долу». АллахIан элчано (АллахIера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) жоп делира тхуна:

**«АллахI Воккха ву! Уьш дерриге а дIадахана вон Iадаташ ду. Ас дуй буу сайн са Шен карахь долучух! Аш дийхи соьга Бану Исраилаша Муса** [пайхамаре] **дехнарг:**

**«Дела вехьа тхуна а, цераниг санна волу». Цо** [Муса-пайхамара] **элира: «Боккъалла а, жехIала нах ду шу»** («ал-АIраф», 7:138).

**Боккъалла а, шайл хьалха хиллачеран Iадаташна тIаьхьадозур ду шу»».**

# ЙОЬАЛГІА БАКЪО

Боккъалла а, вайн заманчуьра мушрикаша деш долу ширк кхин а доккха а, чІогІа а ду хьалха хиллачу мушрикаша динчу ширкал а, хІунда аьлча хьалха хиллачу мушрикаша АллахІаца накъостий нисбеш хилла шаьш аьттонехь а, паргІатонехь а болчу хенахь. Амма шаьш бохамехь а, халонехь а болчу хенахь цІенна цхьана АллахІе боьрзура уьш. Ткъа вайн заманчуьра мушрикех дерг аьлча, цара даиманна а нисбо АллахІаца накъостий - аьттонехь а, иштта халонехь а. Цуьнан тоьшалла Сийлахь-Везачо аьлларг ду:

**«Шаьш хІордкеманна тІе хевшича - АллахІе кхойкху цара, Цунна хьалха цІенна шайн дин цІан а дой. Ткъа Цо шаьш, кІелхьара а даьхна, лаьтта тІе даьхча - оцу сохьта Делаца накъостий бан** [ширкдан] **буьйлало уьш»** («ал-Іанкабут», 29:65).

Цундела, доІадеш верг – Іибадатдеш ву. Цуьнан тоьшалла Сийлахь-Везачу АллахІан дешнаш ду:

**«Мила ву, ткъа, тІехдоккхачу тиларехь верг, АллахІ воцучаьрга кхойкхучарел а, къематде даллалц шайна жоп лун боцчу, цара шайга кхойкхий хууш а боцчу?»** («ал-Ахькъаф», 46:5).

**Ткъа дика хуург АллахІ ву!**

АллахІера къинхетам а, маршо а хуьлда вайн пайхамарна а, цуьнан гергарчарна а, цуьнан массо асхьабашна а.